



Pou Piblikasyon Imedya: 30/06/2020

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE EKSPÈ SANTE PIBLIK MONDYAL YO BAY
APWOBASYON AK REJYON KAPITAL LA POU ANTRE NAN FAZ 4 RE-OUVÈTI A
DEMEN**

"Ekip ekspè sante piblik mondyal ki ap konseye Eta New York sou estrateji re-ouvèti li a te revize konplètman done yo pou Rejyon Kapital la epi li te bali apwobasyon pou li antre nan Faz 4 re-ouvèti a kòmmanse demen premye jiyè a.

Nouyòkè yo te montre gwo kouraj ak disiplin atravè tan difisil enkwayab sa a, epi gras ak efò yo a, nou te aplati koub la. Sepandan, li esansyèl pou nou rete dilijan pandan nou ap re-ouvri an tout sekirite ak yon fason gradyèl. Mwen ankouraje Nouyòkè yo pou swiv depre direktiv Eta a sou re-ouvèti a epi pou yo pran tout prekosyon nesèsè pou pwoteje kominote yo a ak anpeche yon remonte COVID-19 la".

Nou ap jwenn direktiv New York Forward pou re-ouvèti Faz 4 la [isit la](#).

###

Lèt nouèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)